

# Izin Tretman Deer Island pou Otorite Resous Dlo Massachusetts yo ak Chit Egou Konbine

U.S. EPA | PWOJÈ PÈMI SELON LWA SOU DLO PWÒP

## U.S. EPA ap Chèche Kòmantè Piblik la

Soti 31 Me rive 31 Jiyè 2023, Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an (EPA) Rejyon 1 ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la (MassDEP) ap envite piblik la pou soumèt kòmantè yo pou pwojè rebay pèmi NPDES la pou MWRA DITP ki devèse dlo ize ki trete ak eliminasyon debòdman egou konbine yo (CSO). Etablisman MWRA DITP an desèvi 43 kominote nan zòn metwopoliten Boston nan.

### KONTAK PRENSIPAL:

#### MICHELE BARDEN

Pèmi EPA NPDES yo  
(617) 918-1539  
[barden.michele@epa.gov](mailto:barden.michele@epa.gov)

#### CLAIRE GOLDEN

Pèmi MassDEP NPDES yo  
(978) 694-3244  
[claire.golden@state.ma.us](mailto:claire.golden@state.ma.us)

### ENFÒMASYON JENERAL

EPA New England  
5 Post Office Square  
Suite 100  
Boston, MA 02109  
(617) 918-1111  
[www.epa.gov/region1](http://www.epa.gov/region1)

Gratis  
1-888-EPA-7341

#### Rankont Vityèl pou Enfòmasyon Piblik ak Kesyon/Repons

12 Jiyè 2023, a 7PM

#### Odyans Piblik Vityèl pou bay Kòmantè Aloral

12 Jiyè 2023, a 8PM

Vizite <https://www.epa.gov/npdes-permits/epas-permit-massachusetts-water-resources-authority-mwra-outfall> pou gade avi piblik la, pwojè pèmi an, ak dokiman pèmi ki lye yo epi enfòmasyon sou fason pou patisipe nan pwochen evènman vityèl EPA yo.

Si ou bezwen yon aranjman rezonab oswa si w bezwen sèvis tradiktè oswa entèprèt pou patisipe nan rankont vityèl yo, tanpri kontakte Jeff Norcross.

Jeff Norcross, Espesyalis Zafè Piblik EPA a  
(617) 918-1839 [norcross.jeffrey@epa.gov](mailto:norcross.jeffrey@epa.gov)

Pèmi an mande yo trete dlo ize yo anvan yo lage yo nan Bè Massachusetts la epi mete limit sou kantite matyè òganik, bakteri, ak lòt sibstans yo ka lage nan Bè a. Genyen yon kat ki montre eliminasyon an (T01), nan paj 4 la. Genyen règ ki an plas pou limite rejè CSO yo ak pou fè piblik la konnen lè genyen yon rejè k ap soti nan yon CSO. Pati konbine a nan sistèm egou a twouve l nan Boston, Cambridge, Chelsea, ak Somerville. Pèmi an bay otorizasyon pou rejè ki soti nan 47 CSO yo.


swit >>

## KISA CSSS AK CSO YO YE?

Nan kèk kominote ki pi ansyen, genyen sistèm egou ki konbine dlo lapli oswa dlo nèj ki gen eliminasyon san tretman ki soti nan kay yo, biznis, ak endistri yo nan yon sèl tiyo. Sa rele yon sistèm egou konbine (CSS). MWRA ak kat nan Ko-Titilè yo – Boston, Cambridge, Somerville, ak Chelsea gen sistèm egou konbine. An jeneral, dlo ize yo ale nan DITP pou tretman anvan yo lage yo nan Bè Massachusetts la. Men lè genyen anpil lapli oswa nèj ki fonn, lè gen twòp dlo ize pou yon tiyo, epi dlo ize ki pa trete ki konbine ak dlo lapli, yo kapab lage nan yon rivyè atravè CSO yo. Dlo ize konbine sa a kapab gen ladan dechè moun, dechè endistriyèl, debri, ak polyan ki soti nan dlo lapli yo. Pafwa, dlo ize konbine sa a remonte nan besment moun yo.

## DLO K AP RESEVWA YO

MWRA DITP a lage dlo ize ki trete a atravè yon tiyo devèswa nan Bè Massachusetts la, yon dlo maren. Devèswa MWRA ak DITP a kòmanse apeprè 8 mil apati bò dlo a; sitèlman lwen tè a ke dlo li resevwa a pa defini nan Nòm Kalite Dlo Massachusetts la, byenke li twouve l nan dlo Eta a.



Genyen karansèt (47) devèswa egou konbine (CSO) ke yo elimine nan uit gran espas dlo yo. Eliminasyon CSO yo gen ladan; nèf (9) nan Boston Inner Harbor, dis (10) nan Charles River, dis (10) nan Fort Point Channel, senk (5) nan North Dorchester Bay, sis (6) nan Alewife Brook, youn (5) nan Mystic River, youn (1) nan Muddy River ak youn (1) nan Chelsea River. Genyen yon paj ki endike anplasan eliminasyon CSO yo nan paj 5.

## NOUVO EGZIJANS POU PÈMI NAN PWOJÈ PÈMI AN

Nouvo limit ak egzijans pou rapò yo nan pèmi an pou MWRA DITP a gen ladan:

- Nouvo limit eliminasyon 85% pou Demann Biyochimik pou Oksijèn Kabone (Carbonaceous Biochemical Oxygen Demand, CBOD5) ak Total Solid ki An Sispansyon yo (Total Suspended Solids, TSS).
- Limit devèsman efliyan an nan Pwojè Pèmi an pral redwi.
- Yon entwodwi yon nouvo limit pou bakteri.
- Kontwòl chak trimès ak rapò pou Sibstans Per-and Polyfluoroalkyl (PFAS) pral obligatwa tou.
- Kontwòl ak rapò chak trimès pou cadmium, kwiv, nikèl, plon, zenk, kabòn òganik total ak salinite pral obligatwa tou.

## PWOPOZISYON EGZIJANS NOTIFIKASYON AMELYORE

Chanjman yo pwopoze nan pèmi an gen ladan egzijans pou enfòm piblik la sou eliminasyon CSO yo. Si genyen yon eliminasyon CSO ki pwobab, y ap bay piblik la yon avi nan lespas dezèdtan. Nan lespas 24 èdtan aprè fen eliminasyon an, yo pral bay notifikasyon anplis ki konfime eliminasyon an fèt, nimewo devèswa CSO a, ak lè eliminasyon an kòmanse ak lè li fini. Anplis, yo pral afiche yon rapò anyèl ki rezime enfòmasyon sou aktivasyon CSO an bò 30 Avril chak ane.

## FASON POU REVIZE AK POU FÈ KÒMANTÈ SOU PWOJÈ PÈMI YO

Kopi pwojè pèmi an ak fèy enfòmasyon yo disponib sou sit entènèt EPA a nan <https://www.epa.gov/npdes-permits/epas-permit-massachusetts-water-resources-authority-mwra-outfall>. Pandan peryòd avi piblik la, EPA pral resevwa kòmantè nan men pati ki enterese yo epi li pral ankouraje yo pou patisipe nan pwosesis piblik la ak nan opòtinite sa a pou bay kòmantè sou egzijans pwojè pèmi an pandan peryòd sa a. Yon fwa EPA fin konsidere epi reponn tout kòmantè piblik yo, pèmi an pral finalize epi li pral ranplase pèmi ki la deja pou MWRA DITP a. Tanpri kontakte Michele Barden nan 617-918-1539 oswa [barden.michele@epa.gov](mailto:barden.michele@epa.gov) pou tout kesyon konsènan pwojè pèmi yo oswa sou pwosesis kòmantè piblik la.

## FÈ KÒMANTÈ SOU PWOJÈ PÈMI YO AK SOU KESYON EJ YO

Pandan rankont vityèl EPA ap fèt nan dat 12 Jiyè 2023 a pou enfòmasyon piblik la, EPA pral prezante yon apèsi pwojè pèmi an epi l ap reponn a kesyon pou bay eklèsisman pou moun k ap patisipe nan rankont lan.

Piblik la kapab voye kòmantè fòmèl yo alekri pa imèl oswa pa lapòs regilye apati 31 Me, jiska fèmti peryòd kòmantè piblik la nan dat 31 Jiyè 2023. EPA dwe resevwa tout kòmantè alekri yo oswa ak so lapòs oplita **31 Jiyè 2023**; EPA pral abòde tout gwo pwoblèm yo vini avèk yo pandan peryòd kòmantè piblik la lè EPA bay pèmi final la.

Soumèt Kòmantè sou pwojè pèmi an:

Voye kòmantè alekri yo pa imèl bay: [barden.michele@epa.gov](mailto:barden.michele@epa.gov)

Oswa enprime epi voye yo pa lapòs bay:

Michele Barden

EPA Region 1

5 Post Office Square, Suite 100 (06-1)

Boston, MA 02109

**Deer Island Treatment Plant and  
Effluent Outfall Diffuser T01  
NPDES Permit - MA0103284  
Boston, MA**



Scale 1 : 150,000  
when printed on Letter page size  
0 1 2 3 Kilometers  
0 1 2 3 Miles



Basemap: ESRI, USGS, NOAA, NPS,  
DeLorme and the GIS User Community

US EPA, R1 GIS Center Map #13944, 5/16/2023

